



Pou Piblikasyon Imedya: 16/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

FELISITASYON POU ETA NOUYÒK! GOUVÈNÈ HOCHUL FELISITE REJYON DIVEN FINGER LAKES KE WINE ENTHUSIAST RELE "REJYON DIVEN AMERIKEN POU ANE 2025"

Rekonesans atravè Global Magazine mete an valè jaden rezen, pwodikètè diven ak vitikilti nan rejyon an

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul felisite rejyon Finger Lakes paske Wine Enthusiast te nonmen li "Rejyon Diven Ameriken pou ane 2025" kòm yon pati nan prestijye Prim Wine Star magazin nan. Onè sa a rekonèt pwodiksyon diven kalite mondyal nan rejyon an, pratik dirab li yo ak kominote kolaboratif li a, ki te ede etabli Eta Nouyòk kòm yon lidè nan vitikilti Ameriken.

"Soti nan jaden rezen bò lak yo rive nan etablisman diven fanmi yo dirije, rejyon Finger Lakes la kontinye pwodwi diven kalite mondyal epi akeyi vizitè ki soti toupatou nan mond lan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè nou travay ansanm ak New York Wine and Grape Foundation, eta a kontinye sipòte pwodikètè diven ak jaden rezen li yo, sa k ap ankouraje endistri a grandi ak pwospere. Genyen rejyon Finger Lakes la ki resevwa tit Wine Enthusiast "Rejyon Diven Ameriken Ane a" non sèlman se temwayaj talan ak pasyon pwodikètè diven Nouyòk yo — li se yon viktwa pou ekonomi eta nou an ak repitasyon nou kòm yon destinasyon diven mondyal."

Finger Lakes, ki gen 11 lak glasye ak plis pase 140 etablisman diven, se pi gwo ak pi etabli rejyon pwodiksyon diven nan Eta Nouyòk. Rejyon, ki gen Canandaigua, Keuka, Seneca ak Cayuga kòm pwen santral li yo, li rekonèt entènasyonalman pou varyete natif ak ibrid ki adapte ak klima frèt, ansanm ak varyete klasik vinifera, espesyalman Riesling ak Cabernet Franc. Finger Lakes pwodui tou rosés ak diven ki fè mous klas mondyal. Jeyografi inik rejyon an ak mikwo-klima li yo te ankouraje yon kominote etablisman diven k ap grandi ke fanmi posede ak jere, anpil nan yo se pyonye nan vitikilti dirab. Jiskaprezan, 55 jaden rezen nan Finger Lakes yo te sètifye dapre Pwogram Vitikilti Dirab Nouyòk la.

Prezidan Medya Wine Enthusiast, Jacqueline Strum, te deklare, "Finger Lakes te yon limyè iovasyon, rezistans ak kalite nan diven ameriken. Pwodiktè diven nan rejyon an konbine gwo respè pou tradisyon ak yon angajman vizyonè pou dirabilite ak kominote, pwodwi diven ki toujou klase pami pi bon nan mond lan. Nou rekonèt rejyon

Finger Lakes avèk yon Prim Wine Star kòm "Rejyon Diven Ameriken pou Ane 2025" pou diven eksepsyonèl li yo, moun li yo ak sans plas li ki fè rejyon an vrèman espesyal."

Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Rekonesans mondyal endistri diven Finger Lakes la reflekte kolaborasyon enkwayab ant kiltivatè, pwodikè diven, ak kominote yo ki kontinye ede ogmante endistri diven nan tout Eta Nouyòk la. Fanmi etablisman diven ak jaden rezen sa a sipòte travay lokal ki byen peye nan kominote riral yo ak kwasans ekonomik rejyonal, epi li ankouraje touris, paske vizitè soti toupatou nan mond lan vwayaje pou yo fè eksperyans richès rejyon an. Prim sa a se rezilta plizyè deseni travay di ak kreyativite, epi nou felisite ekip devwe yo ki transfòme rezen an diven."

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Endistri diven Nouyòk la kontinye jwenn rekonesans mondyal pou kalite ak inovasyon li yo, kidonk li klèman apwopriye ke Wine Enthusiast chwazi pwòp Finger Lakes nou an kòm Rejyon Diven Ameriken Ane 2025 la. Sa a se yon temwayaj sou siksè sektè bwason atizanal nou an isit la nan Eta Nouyòk, epi mwen pa ta ka plis fyè de tout kiltivatè ak pwodikè nan rejyon Finger Lakes la, ke travay di yo ap jwenn rekonesans atravè onè sa a."

Prezidan Otorite Alkòl Eta Nouyòk (New York State Liquor Authority) la, Lily M. Fan, te deklare, "Metye enkwayab ak rezistans pwodikè diven nou yo yon lòt fwa ankò ap parèt klèman, montre sa anpil Nouyòkè konnen depi plizyè ane: pa gen anyen pa ka konpare ak yon diven soti nan Finger Lakes. Resevwa nominasyon Rejyon Diven Ameriken Ane Wine Enthusiast la se yon bagay ki fè fyète pwodikè diven nou yo. Nouyòk gen plis pase 400 etablisman diven e gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, endistri diven nou an kontinye ap akselere pou rive nan nouvo wotè ak nouvo orizon eksitan. Felisitasyon!"

Direktè Egzekitif Fondasyon Rezen & Diven Nouyòk la, Sam Filler, te deklare, "Anpil men pandan plizyè deseni te kontribiye pou konstwi repitasyon Rejyon Diven Finger Lakes la. Rejyon an gen yon gwo sans kominote ak kolaborasyon. Fòs li kòmanse ak inite. Ansanm, n ap redefini kalite, gou ak eksperyans yo. Prim sa a espesyal paske li rekonèt kijan Finger Lakes okipe yon plas inik sou sèn diven entènasyonal la."

Direktris Egzekitif Finger Lakes Wine Alliance, Amy Navor, te deklare, "Finger Lakes twouve l nan yon moman remakab, yon rejyon ki gen rezilyans, ki defini atravè kolaborasyon e ki kontinye pataje istwa li ak mond lan. Kiltivatè nou yo ki soti nan plizyè jenerasyon ak nouvo k ap parèt yo sipòte youn lòt, sa ki fòme yon kominote ki pwospere atravè chanjman epi ki pwodui diven kalite mondyal ki adapte ak klima frèt. Rekonesans atravè *Wine Enthusiast* la konfime lespri kolektif sa a, ki se prèv ke lè diven Finger Lakes la ap monte, Nouyòk ap monte ansanm. Nou fyè pou nou travay ansanm ak New York Wine & Grape Foundation ak kòlèg nou yo atravè eta a pou n defann inovasyon, otantisite ak siksè pataje ki defini rejyon diven Nouyòk yo jodi a."

Eta Nouyòk te resevwa yon Prim Wine Star pou Rejyon Diven Ane a atravè *Wine Enthusiast* nan lane 2014. Onè sa a mete aksan sou evolisyon kontinyèl rejyon an kòm yon destinasyon diven mondyal — ki ankouraje touris, sipòte ekonomi lokal yo, epi ranfòse idantite agrikòl ak kiltirèl eta a.

Pou plis enfòmasyon sou Prim Wine Star la, ale sou [sitwèb Wine Enthusiast](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)